



PWOGRAM PRI AK MANJE LEKÒL POU ANE 2026-2027 LA

Nan kòmansman ane lekòl 2026-2027 la, benefis manje yo pral depann nan ki lekòl pitit ou ye. Gen yon total 121 lekòl ki ap kontinye ofri manje gratis bay elèv yo dapre "Community Eligibility Provision (CEP)" (Pwovizyon Elijibilite Kominotè) a. Tout elèv nan tout lòt lekòl yo dwe soumèt yon Aplikasyon Manje Gratis oswa nan Pri Redui pou detèmine elijibilite yo pou resevwa manje gratis ak nan pri redui.

POUKISA CHANJMAN SA A?

Pandan kat dènye ane yo, tout lekòl M-DCPS yo te patisipe nan "Community Eligibility Provision (CEP)" (Pwovizyon Elijibilite Kominotè) federal la ki te pèmèt elèv yo resevwa dejene ak manje midi gratis, kèlkeswa revni kay la. Akòz peryòd CEP Distri a fini kounye a, ajisteman done "Direct Certification (DC)" (Sètifikasyon Dirèk) yo — done kalifikasyon elèv yo itilize pou detèmine patisipasyon nan pwogram federal la montre se pa tout lekòl M-DCPS ki kontinye kalifye pou CEP. Pakonsekan, Distri a pral tranzisyon pou li itilize yon modèl CEP ibrid, sa ki ap pèmèt lekòl ki kalifye yo rete nan pwogram CEP a pandan lòt andwa lekòl (ki pa nan CEP) pral enplemannte Aplikasyon pou Manje Gratis ak nan Pri Redui.

KIYÈS KI PA BEZWEN APLIKE POU BENEFIS?

- Tcheke si lekòl pitit ou a nan lis CEP pou ane lekòl 2026-2027 [la a](#).
- Si lekòl ou a nan lis CEP a: ou pa bezwen fè anyen. Elèv ki nan lekòl ki nan lis CEP yo ap kontinye resevwa manje gratis e yo pa bezwen soumèt yon aplikasyon.
- Elijibilite Otomatik: ou pa bezwen fè anyen pou elèv ki resevwa "Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)" (Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanntè), "Temporary Assistance for Needy Families (TANF)" (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen), oswa elèv yo idantifye kòm patisipan nan Head Start, oswa ki klase kòm moun ki nan "foster care" (mezon dakèy), sanzabri, elèv ki kite kay yo oswa migran.

KIYÈS KI BEZWEN APLIKE POU BENEFIS?

- Elèv ni pa nan **Lekòl CEP yo**

KIJAN POU W APLIKE POU BENEFIS MANJE?

Aplike anliy [la a](#) oswa eskane kòd QR anba a pou w ranpli aplikasyon an. Fanmi yo ka aplike pou benefis manje nenpòt lè pandan ane lekòl la.

Eskane kòd QR la oswa klike [la a](#) pou ranpli Fòm Benefis Manje a.



ÈSKE GEN YON PERYÒD EKSTANSYON APRE DAT LIMIT LA POU SOUMÈT YON APLIKASYON?

Pou elèv ki nan lekòl kote yo detèmine kalifikasyon yo atravè aplikasyon yo, elèv sa yo ap resevwa repa gratis pandan 30 premye jou lekòl yo oswa jiskaske yo detèmine yon nouvo sitiyasyon kalifikasyon — kèlkeswa sa ki rive an premye a. Aplikasyon pou Manje Gratis ak nan Pri Redui yo ap disponib nan dat 10 Out 2026. Apati 28 septanm 2026, tout elèv fanmi yo pa ranpli yon Aplikasyon pou Repa Gratis ak nan Pri Redui, ap oblije peye pou repa yo jiskaske yo soumèt aplikasyon an, yo trete li, e yo detèmine elijibilite yo.

Platfòm sa a pèmèt fanmi yo ajoute lajan pou repa ak lòt acha pèsònèl epi kontwole aktivite kont repa elèv yo.

KISA KI AP RIVE SI W PA FÈ ANYEN?

Elèv ki nan lekòl ki pa nan CEP yo epi ki pa apwouve pou manje gratis oswa nan pri redui atravè yon aplikasyon yo soumèt ap peye pri konplè pou manje yo apati 28 septanm 2026.

PRI MANJE ELÈV POU LEKÒL KI PA CEP YO

Lekòl Elemantè/Sant K8	Lekòl Mwayen/ Segondè
Dejene: • Tout elèv — GRATIS	Dejene: • Gratis-pou elèv ki elijib — GRATIS • Pri Redui-pou elèv ki elijib — \$0.30 • Peye — \$2.50
Repa Midi: • Gratis-pou elèv ki elijib — GRATIS • Pri Redui-pou elèv ki elijib — \$0.40 • Peye — \$4.20	Repa Midi • Gratis-pou elèv ki elijib — GRATIS • Pri Redui- pou elèv ki elijib — \$0.40 • Peye — \$4.20



Elèv yo ap manje dejene ak manje midi gratis nan tout lekòl CEP yo deziyen yo (gade paj 1)

PEMAN REPA ANLIY

Nou ankouraje paran ak gadyen legal yo pou yo kreye yon kont Paypams pou chak elèv sou Paypams.com. Platfòm sa a pèmèt fanmi yo ajoute lajan pou repa ak lòt acha pèsònèl epi kontwole aktivite ki ap fèt sou kont repa elèv yo.

KONTAKTE NOU

Pou plis enfòmasyon oswa asistans, vizite mdcpsnutrition.net oswa rele (786) 275-0400 ekstansyon 5000.

<http://mdcpsnutrition.net>

Daprè lwa federal sou dwa sivil ak règleman dwa sivil ak règ “U.S. Department of Agriculture (USDA)” (Depatman Agrikilti Etazini), enstitisyon sa a entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil yon moun te fè anvan. Daprè lwa federal sou dwa sivil ak règleman dwa sivil ak règ “U.S. Department of Agriculture (USDA)” (Depatman Agrikilti Etazini), ajans li yo, biwo li yo, anplwaye li yo, ak enstitisyon ki ap patisipe nan oubyen ki jere pwogram USDA yo, enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, reliyion, sèks (ki gen ladan idantite sèks gason oswa fi), andikap, laj, kondisyon marital, kondisyon fanmi/paran, opinyon politik, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil yon moun te fè anvan, nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA finanse oubyen jere (Se pa tout baz ki aplike pou tout pwogram). Rekou ak dat limit pou depoze plent yo varye selon pwogram nan oswa ensidan an.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken), dwe kontakte ajans eta a oswa ajans lokal ki responsab pou administre pwogram nan oswa USDA TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè “Federal Relay Service” (Sèvis Relè Federal la) nan (711) 877-8339. Anplis, enfòmasyon sou pwogram yo ka disponib nan lòt lang ki pa Anglè.